

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan ieu teh ngagunakeun tiori Rusman (2021, kc. 254) yén pamarekan *integratif* atawa pamarekan tématik mangrupa pamarekan terpadu nu ngalibetkeun sababaraha aspék atawa mata pangajaran pikeun méré pangalaman sangkan siswa bisa maham kana konsep pangajaran ngaliwatan pangalaman langsung sarta dipatalikeun jeung konsép séjén nu geus dicangkem. Kalawan métode kuasi ékspérimén nu ngagunakeun desain *pre-test* jeung *post-test*. Dina dua tés éta diselingan ku *treatmen* atawa larapna pamarekan integratif dina kamampuh nulis rarakitan.

Dumasar hasil analisis data, panalungtikan ngeunaan pamarekan *integratif* dina pangajaran kamampuh nulis rarakitan ka siswa kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024, bisa dicindekan saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis rarakitan saméméh ngagunakeun pamarekan *integratif* rata-rata peunteunna 45 hartina kamampuh nulis siswa kaasup kurang atawa can mampuh. Ieu hal téh katitén tina hasil peunteun unggal aspék anu masih kénéh kurang, nyaéta 1) organisasi eusi rata-ratana 2,1; 2) guru wilangan rata-ratana 2,1; 3) purwakanti rata-ratana 2,6; 4) diksi rata-ratana 2,0; 5) éjahan rata-ratana 2,5; jeung 6) karapihan tulisan rata-ratana 2,6. Katitén siswa kurang mampuh dina aspék diksi tina rata-rata jumlah genep aspék nu di peunteun. Hartina siswa can mampuh jeung maham kana wangun jeung larapna rarakitan dina sisindiran.

Kamampuh nulis rarakitan sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif* rata-rata peunteunna 81 aya ngaronjatna tina kamampuh saméméh ngagunakeun pamarekan *integratif* hartina kamampuh nulis siswa kaasup hadé atawa mampuh. Ieu hal téh katitén tina hasil peunteun unggal aspék anu geus ngaronjat, nyaéta nu ka 1) organisasi eusi rata-ratana 4,1; 2) guru wilangan rata-ratana 4,6; 3) purwakanti rata-ratana 4,7; 4) diksi rata-ratana 3,9; 5) éjahan rata-ratana 3,; jeung 6) karapihan tulisan rata-ratana 3,7. Katitén sakabéh aspék nu di peunteun aya ngaronjatna rata-rata tina hasil *pre-test* ka *post-test*. Hartina siswa geus mampuh jeung maham kana

wangun jeung larapna rarakitan dina sisindiran sanajan sakapeung masih aya kénéh kasalahan dina éjahan tapi teu ngarobah ma'na.

Dumasar kana hasil panalungtikan, unggal aspék nu dipeunteun aya béda signifikan, saperti dina aspék organisasi eusi rata-rata *pre-test* 2,1 ngaronjat jadi 4,1 dina rata-rata hasil *post-test* na. Dina aspék guru wilangan hasil rata-rata *pre-test* na 2,1 ngaronjat jadi 4,6 rata-rata hasil *post-test* na. Tuluy dina aspék purwakanti peunteun rata-rata *pre-test* 2,6 ngaronjat jadi 4,7 peunteun rata-rata *post-test* na. Aya ogé dina aspék diksi peunteun rata-rata *pre-test* 2,0 ngaronjat jadi 3,9 peunteun rata-rata *post-test* na. Lian ti éta, dina aspék éjahan peunteun rata-rata *pre-test* na 2,5 ngaronjat jadi 3,7 hasil rata-rata *post-test* na. Sarta nu pamungkas, dina aspék karapihan tulisan rata-rata peunteun *pre-test* na 2,6 ngaronjat jadi 3,7 hasil rata-rata *post-test* na.

Tina hasil di luhur bisa katitén yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis rarakitan siswa kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*. Ngaliwatan uji normalitas jeung hipotésis; validitas bédana kamampuh nulis siswa dibuktikeun kalawan ngagunakeun SPSS versi 29. Ku sabab jumlah sumber data 20 siswa atawa kurang ti 50 digunakeun uji Shapiro-Wilk, nilai data *pre-test* sig. 0,005 atawa  $<0.05$  kalawan distribusi data teu normal. Sedengkeun nilai data *post-test* sig. 0,114  $>0,05$  hartina leuwih ti 0,05 ku kituna data distribusina normal. Ku lantaran dina uji normalitas aya hiji data nu teu normal tuluy digunakeun uji Wilcoxon pikeun nguji hipotésisna, hasilna sig.  $<0,001$  atawa  $<0,05$ , dumasar kana kritéria  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak. Hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis rarakitan siswa kelas VIII-A SMP Plus KP 2 Paséh taun ajaran 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pamarekan *integratif*. Ku kituna ieu pamarekan *integratif* téh cocok digunakeun dina pangajaran nulis rarakitan dina matéri sisindiran.

## 5.2 Implikasi

Pamarekan *integratif* nu dilarapkeun dina nulis rarakitan meunang sawangan atawa réspon nu positif ti siswa, ku sabab dina prak-prakannna ieu pamarekan bisa ngirut jeung dipikaresep siswa. Sanajan aya bangbaluh nu karandapan dina museurkeun piikiran siswa tapi ieu pamarekan ogé bisa numuwuhkeun kréatifitas

siswa, sarta bisa mantuan museurkeun ideu ku sabab ayana aspék-aspék nu dipatalikeun jeung téma nu ditangtukeun pikeun méré watesan dina nulisna sangkan siswa teu bingung ngamimitianana. Salian ti éta ieu pamarekan bisa digunakeun ku guru pikeun ngungkulan pasualan dina pangajaran nulis rarakitan, ku sabab ngirut ka siswa ku kituna ieu pamarekan bisa numuwuhkeun sumanget diajar ku sabab matalikeun sababaraha aspék boh inter boh anatar mata pelajaran, ku kituna siswa teu ngarasa bosen sarta bisa meunangkeun pangaweruh nu lianna.

### 5.3 Rékoméndasi

Sabada ngalakukeun panalungtikan ngagunakeun pamarekan *integratif* dina nulis rarakitan, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta pamarekan *integratif* bisa ngaronjatkeun kammampuh nulis. Ku kituna ieu pamarekan bisa digunakeun dijadikeun salasahiji cara atawa usaha guru pikeun ngirut siswa dina pangajaran kabasaan hususna dina nulis rarakitan.

Dina panalungtikan nulis rarakitan ngagunakeun pamarekan *integratif* aya sawatara hal nu kudu diperhatikeun, di antarana kudu bisa maham kana léngkah-léngkah ngalarapkeun ieu pamarekan dina pangajaran, bisa milih aspék inter atawa antar mata pelajaran nu rék dipatalikeun sangkan bisa nyambung ngahontal tujuanna, ngararancang pangajaran kalayan saluyu jeung waktu nu éféktif, tujuanna kahontal jeung sistematis, sarta kudu bisa nyieun kaayaan nu kondusif tapi bisa ngirut siswa.

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep pamarekan *integratif* dina pangajaran nulis rarakitan atawa pangajaran séjénna bisa ngabuktikeun ieu pamarekan méré parobahan leuwih alus ka siswa kalawan maké pamarekan, husus pamarekan *integratif*.